


# 1960-1980-ШИ ЖЫЛЛАРЫ ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ҒАЛАБАЛЫҚ СПОРТ ШӨЛКЕМЛЕРИНИҢ ЖАҒДАЙЫ

**Кеңесбаев Өтебай Жолдасбаевич**
Нөкис мәмлекетлик техника университети Компьютер илимлери факультети «Тиллер ҳәм гуманитар кафедрасы» ассистент оқытыўшысы Нөкис қаласы.
https://doi.org/10.5281/zenodo.15751435

**ARTICLE INFO**
Qabul qilindi: 20-Iyun 2025 yil
Ma'qullandi: 24-Iyun 2025 yil
Nashr qilindi: 27-Iyun 2025 yil

**KEYWORDS**
*1960-1980-жыллары Қарақалпақстанда спорт ҳәм дене тәрбиясы мәселесине мәмлекетлик уйымлар тәрепинен үлкен итибар қаратылған..*

**ABSTRACT**
*Мақалада XXәсирдиң 60-80-ши жыллары Қарақалпақстанда спорт ҳәм дене тәрбиясы менен шуғылланыўисин ғалабаластырыўға қаратылған ис-илажлардың нәтийжелери ҳәм жәмийетлик шөлкемлердиң роли хаққында сөз етиледи*

1960-1980-жыллары Қарақалпақстанда спорт ҳәм дене тәрбиясы мәселесине мәмлекетлик уйымлар тәрепинен үлкен итибар қаратылған. Себеби Қарақалпақстанда ықтыярлы спорт жәмийетлериниң аҳўалы ўлыўма аўқамлық шеңберинде алып қарайтуғын болсақ, көплеген районлық ҳәм аўыллық жерлерде дене тәрбиясы ҳәм спорт орайларының искерлиги бираз төмен еди. 1969-жылы 4-июнде ӨзКП Орайлық комитети ҳәм ҳүкиметиниң Республикамызда дене мәденияты ҳәм спорт жумысларына басшылықты буннан былайда жақсылаў ҳәм дене мәденияты мекемелериниң материаллық базаларын беккемлеў хаққындағы» қарары тийкарында бул машқаланы шешиў ушын тапсырмалар бериледи. Бирақ сол дәўирдеги имканиятлар шекленгенлиги себепли, ықтыярлы спорт жәмийетлери толық имканиятларға ийе емес еди. Мәселен, Шымбайда «Пахтакор» ықтыярлы спорт жәмийети бөлими тек ғана өз күши менен спорт орайларын қурыў менен шекленген. Район бойынша 12 баскетбол, 37 волейбол, 5 футбол майданшалары ғана бар еди. Спорт пенен шуғылланыў массалық характерге ийе емес еди [1]. Бирақ базы бир районларда, мәселен, Төрткүл районында сол қарар тийкарында «Пахтакор» ықтыярлы спорт жәмийети басламасы тийкарында балалар спорт мектеби ашылған, жаңадан спорт майданшалары исленеди, массалық спорт жарыслары шөлкемлестирилген [2].

Сол қарар тийкарында 1970-ши жыллардан баслап ҳәр бир районда спорт ҳәм дене мәденияты, саламат турмыс тийкарларын сиңдириў бойынша ис-илажлар алып барылған. Биринши гезекте, ҳәр бир районда спорт ҳәм дене тәрбиясы мәселелери бойынша районлық комитетлер дүзиле баслайды. Мәселен, Қоңырат район бундай комитет 1973-жылы дүзилген ҳәм оған 2 спорт жәмийети (ДССО «Пахтакор», ДССО

«Локомотив») бириктирилген. Район бойынша тек ғана 6 мектепте спорт зал болған, қалған 61 волейбол, 34 баскетбол, 10 футбол ҳәм 25 гандбол майданшалары ашық аспан астында болған. 1975-жылы мектеплерде оқыйтуғын 11000 жоқарғы класс оқыўшылары болған, яғный, жоқарыда көрсетилген ҳәр бир спорт зал менен майданшаларына 81 оқыўшыдан туўра келген. Егер олардың қатарына ортаншы класс оқыўшылары ҳәм ересеклерди де қосатуғын болсақ, спорт ҳәм дене мәденияты жумыслары жағдайы анық көринеди. Оған қоса спорт инвентарьлары және спорт формалары менен тәмийнлеў иси де жүдә төмен еди. Соған қарамастан, районда халық арасынан шыққан спорт шеберлери, талантлы жаслар өз күшин спорт майданшаларында өзлерин көрсете билген. Спорт ҳәм дене мәденияты бойынша жәмийетлик шөлкемлердиң шөлкемлестириўи ҳәм материаллық қоллап-қуўатлаўы менен кейинги еки жыл ишинде районда миллий гурес бойынша Өзбекстан ССР-ы спорт шебери, еркин гүрес бойынша спорт шеберине талабан таярланған, 15 адам спорт разрядларының ийеси, 1475 адам улыўмалық спорт разрядларына ийе болған. Спорт ҳәм дене мәденияты бойынша жәмийетлик шөлкемлери ағзалары болған район спортшылары республикалық Спартакиадада бирқатар жетискенликлерге ерискен [3].

1970-ши жыллардың ақырларына келип дене мәденияты ҳәм спорт менен шуғылланыў еки бағдарда әмелге асырылған – миннетли ҳәм ыхтыярлы түрде. Миннетли түрде дене мәденияты менен шуғылланыўға орта ҳәм орта арнаўлы, жоқары тәлим оқыў орынлары оқыўшы-студентлер, республикалық министрликлер ҳәм басқада уйымлардың хызметкерлери тартылған. Ал дене мәденияты ҳәм спорт пенен ыхтыярлы түрде шуғылланыў ушын жумыстан ҳәм оқыўдан тысқары ўақытында ҳәр түрли жәмийетлик спорт ҳәм дене мәденияты клубларына тийисли болған спорт заллары ҳәм майданшаларына барған. 1970-ши жыллары Өзбекстанда усындай 10 дене мәденияты ҳәм спорт жәмийетлери болған. Олардан – Кәсиплик аўқамларына қараслы «Буревестник», «Зенит», «Ёш куч», «Локомотив», «Спартак» ыхтыярлы спорт жәмийетлери, «Мехнат» ыхтыярлы спорт жәмийети, республикалық мекемелерге қараслы «Динамо» ҳәм «Трудовые резервы», ерикли аўыллық спорт жәмийети «Пахтакор», Түркстан әскерий округының Әскерий спорт клубы. Мәселен, «Трудовые резервы» ыхтыярлы спорт жәмийети тийкарынан орта арнаўлы оқыў орынлары оқыўшылары бириктирилип, ҳәр жылы бул жәмийеттиң өз алдына республикалық, Өзбекстан ҳәм Советлер аўқамы шеңберинде спорт жарыслары болып турған. 1979-жылы кәсиплик-техникалық билим бериў орынлары (училище ҳәм техникумлар) жаслары арасында III республикалық Спартакиадасы болып өткен. Жарыслар спорттың бес түринен болып, улыўма 9 мыңға шамалас адам қатнасқан [4].

1980-ши жыллардың басында усы дене мәденияты ҳәм спорт жәмийетлериниң Өзбекстан бойынша 10129 бирлемши уйымлары болып, ол жерде 2 891 274 адам ағза болған. Соныңдай-ақ, 265 балалар ҳәм жас өспиримлер спорт мектеплери, спорт түрлери бойынша ҳәр түрли клублар болған. Бул жәмийетлери қарамағында 124 стадион, 4519 футбол майданшалары, 122 бассейн, 26854 киши спорт майданшалары, 2164 спорт заллары болған. Қарақалпақстанда бул тараўда жүдә артта қалып қойған еди.

Қарақалпақстанда спорт ҳәм дене мәденияты менен шуғылланыў иси дағдарысқа ушыраған еди. Мәселен, 1980-ши жыллары «Буревестник» ықтыярлы

спорт жәмийетиниң материаллық-техникалық базасының жағдайы үйренилгенде төмендегилер анықланған екен: бириншиден, 1980-ши жыллардың басында ашылған спорт орайлары ремонтсыз, ҳәттеки, ашық майданшалардың жағдайы еки-үш жылда ашынарлы жағдайға келген. «Спортфактың 48х12 м. типовой спорт залы еки бөлинип, бир тәрепи актовый зал етилген, гүрес ушын арнаўлы зал китап қоры етип пайдаланылып атыр, - делинеди архив хүжжетлеринде. – Филология факультетиниң спорт залы театрға айландырылған» [5]. «Мийнет резервлери» ҳәм «Ёш куч» ықтыярлы спорт жәмийетлерине орта ҳәм орта арнаўлы оқыў орынларында тәлим алып атырған жасларда бириктирилген еди.

Кәсиплик аўқамларының (Облсовпроф) өзиниң ықтыярлы дене мәденияты ҳәм спорт жәмийети (ДФСО профсоюзов) дүзилген еди. Облсовпроф үш ыхтыярлы спорт жәмийетин – «Спартак», «Мехнат», «Пахтакор» - қаржыландырып отырған. Оның қурамында 356 дене мәденияты жәмәәтлери, соның ишинде, 35 колхозлық, 113 совхозлық, 22 орта арнаўлы оқыў орынлары ҳәм Нөкис мәмлекетлик университети ҳәм т.б. бар еди. Бул жәмәәтлерде улыўма 90500 адам, яғный мийнет етиўши ҳәм оқыўшылардың 31,3% дене мәденияты менен шуғылланыў ушын ҳәр түрли секцияларға қатнасқан. Кәсиплик аўқамлардың ықтыярлы дене мәденияты ҳәм спорт жәмийетине 2 стадион, 14 спорт залы, 88 баскетбол, 197 волейбол, 48 гандбол, 78 футбол майданшалары қараслы еди [6].

Сол жыллары Қарақалпақстанда жоқарыда айтылған «Пахтакор», «Спартак» ҳәм «Мехнат» жәмийетлери жумыс алып барған, бирақ инфрадүзилмелердиң ашынарлы жағдайы олардың дурыс жумыс алып барыўы ушын тосқынлық болған. Мәселен, «Спартак» ықтыярлы спорт жәмийети 53 дене мәденияты жәмәәтлерин бириктирген. Рәсмий мағлыўматлар бойынша, оларға 16,8 мың адам ағза болған. Оның қурамында 2 балалар спорт мектеби, шахмат-шашка клубы, улыўма физикалық таярлық залы болған. 1975-жылы Нөкисте «Спартак» стадионы 5 мың адамлық трибунасы менен салынып, қалған жумыслар шала, қаржы жетпегенлиги себепли питкерилмей иске қосылған.

Сондай спорт объектилериниң бири Нөкистеги ипподром болып, олда толық питкерилмей қалған. 1977-жылы Қарақалпақстан АССР-ы Министрлер Кеңеси тәрепинен республикамызда Атлы спорт клубын «Пахтакор» ықтыярлы спорт жәмийети қурамында шөлкемлестириў хаққында қарар қабыл етилген еди. Клубтың басшысы етип ветврач Ж.Турғанбаев тайынланып, сол жылы 11 нәсилли ат сатып алынған [7]. Дәслеп бул клуб Хожелиде, Қарақалпақстан нәсилли маллар бирлеспесинде ашылады. 166-стройтрестке тапсырма берилип, Нөкисте ипподром, оған 1977-жылы 113 мың рубль, 1978-жылы 226 мың рубль ажыратылып, еки этажлы мектеп, 50 бас атқа арналған қора салыў тапсырылған [8]. Бирақ қарежетлер сарыпланған болса да қурылыс питкерилмей, сол күйинде пайдаланыўға берилген.

Сонындай-ақ, Нөкистеги Республикалық спорткомплексин, 3 бассейн, «Комсомол» көлиндеги (Ашшыкөл) спорт лагери ҳәм ескек есиў бойынша спорт базасы, Төрткүлдеги 20-мың адамға мөлшерленген стадионның қурылысы бирнеше жылдан бери тоқтап қалған еди.

Республикадағы бәрше ықтыярлы спорт жәмийетлериниң пуқаралар менен ислесиўи, яғный, оларды спорт пенен шуғылланыўға тартыў иси артта қалып кеткен

еди. Себеби, көплеген спорт орайлары тренажерлар жетиспейтуғын еди, спортзаллардың жағдайы талапларға жуўап бермей қалған, инвентарьлар (топлар, волейбол сеткалары, бокс қолғаплары, штанга ҳәм т.б.) жетиспейтуғын еди. Ең баслы машқала – бул кадрлар менен тәмийнлениўи болды. Мәселен, Кәсиплик аўқамлардың ықтыярлы дене тәрбиясы ҳәм спорт жәмийетине қараслы 356 жәмәәтинде тек ғана 104 инструктор-методист лаўазымы болып, олардан тек 17 арнаўлы дене мәденияты кәсибине ийе еди.

Усы жерде айтып кетиў керек, 1980-ши жыллары дене мәденияты ҳәм спорт орайлары жағдайы республикамызда жүдә ашынарлы ҳалда болған. Мәселен, 1980-ши жыллардың басында Қарақалпақстанда 918 спорт орайлары болған, бирақ дене мәденияты жәмәәтлерине тийисли бирде бир типовой стадион ҳәм бассейн болмаған. 541 улыўма орта билим бериўши мектеплердиң дене мәденияты жәмәәтлеринине тийисли 291 әпиўайы мектеп стадионы ҳәм 96 спорт заллары болған, яғный, мектеплердиң 53,7%-и футбол стадионына ҳәм 17,7%-и спорт залларына ийе болған. Ал қағазда усы 541 мектептиң ҳәммесинде ықтыярый спорт жәмәәтлери шөлкемлестирилип, жумыс ислеп турған [9]. Бул мәселени терең үйренген ўақытта Қарақалпақстанда спорт жарысларын өткериў ушын тек 9 футбол, 5 баскетбол, 4 волейбол, 2 теннис ҳәм 1 гандбол майданшалары жарамлы болып шықты.

КПСС Орайлық комитетиниң 1985-жылы 12-июньдеги «Клуб мекемелеринен ҳәм спорт қурылысларынан пайдаланыўды жақсылаў бойынша илажлар хаққында»ғы қарары ықтыярый спорт жәмийетлериниң искерлигине итибар қаратты. Негизинде бул қарардың қабыл етилиўи сол жыллары әмелге асырылған алкоголизмге қарсы гүрес шеңберинде қабыл етилген еди. Қала ҳәм районларда спорт ҳәм дене тәрбиясы мәселеси совет-партия уйымларының мәжилислеринде қаралып, улыўма республикалық дәрежеде сыный көзқараста үйренилип шығылды. Стадион ҳәм спорт залларын ремонтлаў, жаңа спорт орайларының қурыў режелестрилди. Мәселен, Шымбай районында көплеген спорт орайларының ремонтланып, 1985-жылы район бойынша ықтыярый спорт жәмийетлерине қараслы 66 волейбол, 43 футбол, 46 баскетбол, 6 спорт залы жумыс ислеп турды ҳәм ол жерде 20 мыңға жақын адам турақлы спорт ҳәм дене мәденияты менен шуғылланған [10].

Бирақ бундай жағдай бәрше районларға тән емес еди. Мәселен, Қараөзек районында «Ёш куч» ықтыярый спорт жәмийетине қараслы 10 әпиўайы спорт майданшалары ҳәм 5 спорт залы ғана болған. Жәмийет тәрепинен спорт ойынларын шөлкемлестириў ушын кадрлар ҳәм инвентарьлар жетиспеген. Районда жаслар менен ислесиў, оларды спортқа тыртыў жолға қойылмаған. Жоқарыда көрсетилген қарар тийкарында Қараөзек районы орайында 5 мың адамлық стадион салыў режелестирилген еди, бирақ ол әмелге асырылмады [11].

Улыўма алғанда, 1980-ши жыллардың орталарында Қарақалпақстанда жасаўшы 1050 мың адамға тек ғана 3 стадион, 146 спорт залы болып, олардың да көпшилиги әпиўайы талапларға жуўап бермейтуғын ҳалда болған. Республика бойынша бирде бир жүзиў бассейни болмаған. Соған қарамастан, рәсмий мағлыўматлар бойынша республикамызда 385,4 мың адам (35%) спорт пенен турақлы шуғылланып келген деген мағлыўматлар берилген [12]. Бирақ бул санлар қағаз жүзинде болғанлығы да сыр емес. Мәселен, Бозатаў районында қағазда ықтыярый спорт жәмийетлеринде 13

дене мәденияты жәмәәтлери болып, 2600 адам спорт пенен шуғылланатуғынлығы, олардан 466-сы спорт бойынша разряды бар екенлиги көрсетилген. Бирақ тексериўлер нәтийжесинде районда бирде бир спорт майданшасы я спорт разрядына ийе адамды ушыратпаған. Ямаса Нөкис районында бирден бир стадион болмаған, тек мектеплер жанында спорт майданшалары ғана болған. Ең үлгили деп есапланған Хожели районының «Пахтакор» ықтыярый спорт жәмийети өзиниң спорт базасына ийе болмаған, қағаз жүзинде 19 дене мәденияты жәмәәтлери ҳәм 13 спорт секциялары жумыс алып барған [13]. «Трудовые резервы» жәмийетине (бул жәмийетке орта арнаўлы оқыў орынларының оқыўшылары ағза болған) қараслы 41 училище оқыўшылары ушын тек 14 спорт заллары, 11 футбол майданлары, 13 волейбол ҳәм 50 баскетбол майданшалары болған. Усы жәмийеттиң Қарақалпақстан ўалаятлық Кеңеси баслығының орынбасары В.Подпригораның мәлим етиўинше, «бул санлар шарт-шараятлардың реал жағдайын билдирмейди, себеби көплеген спорт заллары ең керекли болған спорт инвентарьлары менен тәмийнленбеген, футбол майданлары бәхарли-күз жүрип болмайтын ылай-батпақ» [14].

1985-жылы 19 июлде Нөкис қаласында клуб мекемелери ҳәм спорт орйларының пайдаланыўын жақсылаў бойынша мәжилисте жәмийетлик шөлкемлердиң жумысы қатаң сынға алынады. Мәжилисте шығып сөйлеген ӨзбКП ҚҚ обкомының хаткери М.Аралбаев: «Бүгинги күнде ықтыярый жәмийетлер болған «Билим», НТО (Илимий-техникалық жәмийет), ВОИР (Ойлап табыўшылар ҳәм рационализаторлардың Пүткил аўқамлық жәмийети), ДОСААФ, Естеликлерди қорғаў, Қызыл ярым Ай, Китапханлар жәмийети, дөретиўшилер аўқамларының жумысы қанаатландырарсыз, - деп атап өтеди. – Олар адамлардың жыйналатуғын, өз ара пикирлесетуғын орынларға айланбады. Тек ағза төлемлери жыйналады, гезектеги ис-илажлар әмелге асырылады, есабатлар жазылып, штаттағы хызметкерлер өз гезекшилигин атқарып, айлық алып отыр» [15]. Сол мәжилисте республикамызда жәмийетлик шөлкемлердиң жумысын жеделестириў, олардың материаллық-техникалық базасын беккемлеў, кадрлар таярлаў мәселелери бойынша бирқатар шешимлер қабыл етилди. Биринши гезекте жаңа ықтыярый бирлеспелер ҳәм жәмийетлерди шөлкемлестириў тапрсырылды.

1988-жылы Қарақалпақстанда қағаз жүзинде 2795 спорт орайлары болып, соның ишинде 3 стадион, 188 спорт заллары, 201 атыў тирлери, футбол, волейбол, баскетбол майданшалары, теннис кортлары болған. Бирақ олардың жағдайы жүдә аўыр болған: көпшилиги ашық аспан астында болғанлығы себепли қыс айларында, бәҳар ҳәм гүз мәўсиминде бул жерлерде спорт жарысларын өткизиў жүдә мүшкил болған.

1980-ши жыллар ақырында, яғный, СССР-дағы сиясий-экономикалық кризис болып, ол пуқаралардың күнделикли турмысына тәсир етип қоймай, адамлардың сана-сезими, пикирлеў қабылети өзгерди, бирлесип ҳәрекет етиў имканиятлары нәтийжесинде, бизиң пикиримизше, ғәрезсизлик ҳәм еркинлик идеяларының қәлиплесиўине негиз болды.

## Пайдаланған әдебиятлар ҳәм дереклер:

1. ҚР ОМА, ф. Р-551, 2-китап, 2366-ис, 2-б.
2. ҚР ОМА, ф. Р-551, 2-китап, 2366-ис, 5-6-бетлер.
3. ҚРОМА, ф. Р-551, 55-китап, 94-ис, 4-б.

4. Советская Каракалпакия, 30-август 1979-жыл.
5. ҚР ОМА, ф. Р-551, 48-китап, 427-ис, 10-б..
6. ҚР ОМА, ф. Р-551, 48-китап, 427-ис, 18-б.
7. ҚР ОМА, ф. Р-551, 55-китап, 107-ис, 1-б.
8. ҚР ОМА, ф. Р-551, 55-китап, 107-ис, 18-б.
9. ҚР ОМА, ф. Р-551, 45-китап, 283-ис, 54-б.
10. ҚР ОМА, ф. Р-551, 46-китап, 492-ис, 12-б.
11. ҚР ОМА, ф. Р-551, 46-китап, 492-ис, 15-б.
12. ҚР ОМА, ф. Р-551, 46-китап, 492-ис, 62-б.
13. ҚР ОМА, ф. Р-551, 46-китап, 492-ис, 65-б.
14. Советская Каракалпакия, 19-март 1987-жыл.
15. ҚР ОМА, ф. Р-551, 46-икитап, 492-ис, 69-б.

INNOVATIVE ACADEMY